Kutipan pertama menunjukkan watak dan sikap absurd tokoh pacar Raymond. Pacar Raymond selalu mengatakan bahwa uang dan semua yang diberikan Raymond tidak cukup untuk kebutuhannya. Anehnya, si pacar tersebut selalu berfoya-foya, bermain lotre, dan tidak pernah mau bekerja. Kutipan kedua juga menunjukkan sikap absurd si pacar, yaitu ia sering bersetubuh dengan Raymond meski suka berkata kasar pada Raymond saat Raymond hendak memberi peringatan. Dapat disimpulkan bahwa tokoh pacar Raymond memiliki sikap absurd yang hanya selalu mementingkan kemauannya sendiri agar bisa bersenang-senang setiap hari.

BAB V

PENUTUP

5.1 Simpulan

Berdasar pembahasan pada bab sebelumnya maka dapat ditarik dua buah simpulan sebagai berikut.

- 1) Dalam roman *Wong Njaba* terdapat delapan belas tokoh yang berperan. Tokoh-tokoh tersebut meliputi satu tokoh utama yaitu Mersault, dan tujuh belas tokoh tambahan: Marie Cardona, Raymond Sintes, ibu Mersault, kepala panti, penjaga panti, Celeste, Thomas Perez, Salamano, pacar Raymond, kakak pacar Raymond, teman kakaknya pacar Raymond, Masson, polisi, hakim, pengacara, jaksa, dan pastur penjara. Sedangkan penokohnya digambarkan dalam beberapa karakter. Karakter tersebut dikelompokkan menjadi dua, yaitu yang bernilai positif dan yang bernilai negatif. Karakter positif meliputi baik dan ramah, sabar dan jujur, baik dan perhatian, tegas, dan penurut. Karakter negatif meliputi keras kepala, keras dan kasar, tega hati dan tidak berperasaan, pemarah, pendusta, dan tidak tegas.
- 2) Roman *Wong Njaba* terdapat enam tokoh yang absurd. Tokoh-tokoh absurd tersebut meliputi Mersault (konyol, keras kepala, tidak berperasaan, tega hati, dan ateis), Marie Cardona (konyol dan keras kepala), Raymond Sintes (konyol, keras dan kasar, pemarah, dan pendusta), Salamano (konyol, keras dan kasar, pemarah, tega hati dan tidak berperasaan), penjaga panti (meski baik tetapi konyol), dan pacar Raymond (konyol dan pendusta).

5.2 Saran

Adapun saran yang dapat disampaikan, adalah sebagai berikut.

1. Bagi Peneliti Lain

Dalam penelitian ini, masih banyak aspek intrinsik yang belum diuraikan. Oleh karena itu sebaiknya dilakukan penelitian lebih lanjut untuk mengkaji roman *Wong Njaba* karya Albert Camus secara keseluruhan agar benar-benar dapat memperkaya khazanah penelitian sastra Jawa di Indonesia. Hasil penelitian ini diharapkan bisa dijadikan ide, motivasi, dan referensi bagi peneliti lain untuk melakukan penelitian sastra selanjutnya.

2. Bagi Dunia Pendidikan

Hasil penelitian ini diharapkan bisa dijadikan sebagai bahan acuan bagi guru di sekolah menengah agar pembelajaran bahasa Jawa aspek apresiasi sastra dapat dikembangkan, khususnya dalam menganalisis unsur intrinsik sebuah karya sastra prosa. Dengan dijadikannya sebagai bahan acuan, diharapkan ketertarikan terhadap kesusastraan Jawa dapat ditingkatkan.

DAFTAR PUSTAKA

- Albert Camus (1913-1960). Online pada [http:// kirjasto.sci.fi/acamus.htm](http://kirjasto.sci.fi/acamus.htm) [diakses 28/06/11].
- Aminuddin. 2002. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Anton. (2010). Albert Camus, novelis penggagas definisi absurd dalam melihat hubungan manusia dengan kerjanya. Online pada [http:// anton-djakarta.blogspot.com/2010/08/albert-camus-sastrawan-yang-sangat.html](http://anton-djakarta.blogspot.com/2010/08/albert-camus-sastrawan-yang-sangat.html) [diakses 13/05/11].
- Biodata dan Profil Albert Camus. Online pada [http:// www.penerbitkpg.com/penulis/detil/205/Albert-Camus](http://www.penerbitkpg.com/penulis/detil/205/Albert-Camus) [diakses 23/07/11].
- Camus, Albert. 1990. *Krisis Kebebasan*. Diterjemahkan oleh Edhi Martono. Jakarta: Obor Indonesia.
- Darma, Budi. 2004. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Depdiknas.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.
- Fahmi, Rosihan. (2011). Analisis Absurditas Albert Camus terhadap Mati Syahid dalam Islam. Online pada [http:// www.facebook.com/note.php?note_id=195110667200660](http://www.facebook.com/note.php?note_id=195110667200660) [diakses 23/07/11].
- Fananic, Zainuddin. 2000. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Firmansyah, Arif. (2002). Albert Camus: Dari Ibu, Ia Paham Absurditas. Online pada [http:// lembutambun.blogspot.com/2007/07/11-agustus-2002-albert-camus-dari-ibu.html](http://lembutambun.blogspot.com/2007/07/11-agustus-2002-albert-camus-dari-ibu.html) [diakses 23/07/11].
- Fokkema, D. W. dan Elrud Kunne Ibsch. 1998. *Teori Sastra Abad Kedua Puluh*. Diterjemahkan oleh J. Praptadharja dan Kepler Silaban. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Hadiwijono, Harun. 1980. *Sari Sejarah Filsafat Barat 2*. Yogyakarta: Kanisius.
- Hamersma, Harry. 1986. *Tokoh-tokoh Filsafat Barat Modern*. Jakarta: Gramedia.

- Harsono, Siswo. 1997. Lembaran Sastra. *Jurnal Ilmiah Bidang Bahasa, Susastra, dan Kebudayaan*. No.22 tahun 1997: 90 - 101. Semarang: Universitas Diponegoro.
- Jabrohim. (ed). 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya.
- Luxemburg, Jan Van dengan Mieke Bal, dan William G. Weststeijen. 1982. *Pengantar Ilmu Sastra*. Diindonesiakan oleh Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.
- Minderop, Albertine. 2005. *Metode Karakterisasi Telaah Fiksi*. Jakarta: Obor Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2009. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Putranto, Hendar. (2010). Tentang Ateisme. Online pada http://rarif.multiply.com/journal/item/61/Tentang_Ateisme [diakses 24/07/11].
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudarminta, J. 1991. *Filsafat Proses Sebuah Pengantar Sistematis Filsafat Alfred North Whitehead*. Yogyakarta: Kanisius.
- Sudaryanto, 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisa Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sukadaryanto, 2010. *Sastra Perbandingan: Teori, Metode, dan Implementasi*. Semarang: Griya Jawi.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tim Penyusun. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*, Edisi ke-3. Jakarta: Balai Pustaka.



LAMPIRAN

Lampiran 1

**TOKOH DAN PENOKOHAN SERTA TOKOH ABSURD
DALAM ROMAN WONG NJABA KARYA ALBERT CAMUS**

1. Tabel tokoh dalam roman *Wong Njaba* karya Albert Camus

No.	Tokoh	Kutipan
1	Mersault	<i>Panti wredane mapan ing Marengo, 80 kilometer saka Aljir. Aku arep numpak bis jam loro lan tekan kana wanci sore.</i> (Wong Njaba, hlm. 15)
2	Marie Cardona	<i>Banjur aku ketemu Marie Cardona, biyen juru tik ing kantorku, sing tau takgandrungi. Dheweke ya seneng marang aku takkira.</i> (Wong Njaba, hlm. 33)
3	Raymond Sintes	<i>Jenenge Raymond Sintes. Awake cilik, bahune gedhe, lan irunge kaya petinju.</i> (Wong Njaba, hlm. 43)
4	Ibu Mersault	<i>Nalika ibu isih ana ing omah, gaweyane ibu mung ndelengi aku wae tanpa ngendikan apa-apa. Dina-dina wiwitan nalika ingpanti jompo, kerep muwun.</i> (Wong Njaba, hlm. 17)
5	Kepala panti	<i>Sawise iku aku ketemu karo pak kepala, kang nampa aku ing kantore. Wonge tuwa lan cilik, dheweke nganggo tandha pamulen Legion d'honneur.</i> (Wong Njaba, hlm. 16)
6	Penjaga panti	<i>Aku kandha marang tukang jaga tanpa nyawang marang dheweke.</i> (Wong Njaba, hlm. 20)
7	Celeste	<i>Aku mangan ing warunge Celeste kaya padatan.</i> (Wong Njaba, hlm. 16)
8	Thomas Perez	<i>Cedhake iku, ana kusire, wong cilik nganggo klambi habit aneh lan ana wong tuwa sing gayane digawe-gawe. Aku banjur ngerti yen iku Perez.</i> (Wong Njaba, hlm. 28-29)
9	Salamano	<i>Ing undhak-undhakan sing peteng, aku kepethuk karo si Salamano sing wis tuwa lan manggon ing sisihe kamarku.</i> (Wong Njaba, hlm. 41-42)
10	Pacar Raymond	<i>"...yektosipun piyambakipun yang kula..."</i> (Wong Njaba, hlm. 45)
11	Kakak pacar Raymond	<i>Wong sing mau diajak tukaran jebul kangmase. Raymond crita yen wong wadon iku wis diopeni.</i> (Wong Njaba, hlm. 45)
12	Teman kakaknya pacar Raymond	<i>Nanging ing wektu iku aku uga weruh ing pucuking pasisir, adoh banget saka papan iki, wong Arab loro mawa klambi buruh warna biru sing mlaku jurusan mrene. Aku ndeleng Raymond lan dheweke muni, "Kuwi wonge."</i> (Wong Njaba, hlm. 72-73)
13	Masson	<i>Kancane jenenge Masson. Dheweke wonge gedhe dhuwur lan bojone wong wadon cilik grapyak sing wicarane mawa logat Paris.</i> (Wong Njaba, hlm. 69)

14	Polisi	<i>Kepriye wae, ora suwe maneh ana pulisi teka, sing dikancani wong sing nyewa ing tingkat loro, sawijining tukang pipa.</i> (Wong Njaba, hlm. 53)
15	Hakim	<i>Ana hakim telu mlebu, sing loro klambine ireng lan sijine abang. Priyayi telu iku mlaku ngener tribune sing papane luwih dhuwur tinimbang jogan.</i> (Wong Njaba, hlm. 107)
16	Pengacara	<i>Sesuke ana pangacara sing teka nemoni aku ing pakunjaran. Awake cilik lan bunder, umure isih enom, rambute dijungkati rapi.</i> (Wong Njaba, hlm. 82)
17	Jaksa	<i>Banjur kene, yaiku aku lan sang jaksa, lungguh adhep-adhepan, lan interogasi diwiwiti.</i> (Wong Njaba, hlm. 85)
18	Pastur Penjara	<i>Pas ing wanci iku, pasture kunjara mlebu.</i> (Wong Njaba, hlm. 141)

2. Tabel penokohan dalam roman *Wong Njaba* karya Albert Camus

Penokohan		Kutipan
Karakter Positif	1. Baik dan ramah	<i>Dheweke nyawang aku kanthi mripate sing padhang. Banjur dheweke nyalami aku, nanging tanganku dicekel kenceng lan ora diuculake nganti aku bingung kepriye nggonku arep ngeculake.</i> (Wong Njaba, hlm. 16-17) Tokoh kepala panti
		<i>Nanging tukang jagane kandha yen aku kudu nemoni bapak kepala panti dhisik. Amarga dheweke katon lagi repot, aku nggenteni sedhela. Nalika kuwi tukang jagane guneman terus.</i> (Wong Njaba, hlm. 16) Tokoh penjaga panti
		<i>Masson langsung celathu yen kene kudu ngepenakake awak kaya ing omahe dhewe lan wis dicepakake iwak goreng sing lagi wae dipancing esuk mau.</i> (Wong Njaba, hlm. 69) Tokoh Masson
		<i>Dheweke kandha yen aku kudu janji ora oleh ngomong kaya mengkonono ing pangadilan utawa marang jaksa pamriksa.</i> (Wong Njaba, hlm. 83) Tokoh pengacara
		<i>Dheweke weruh nuli kandha menawa aku ora usah wedi. Aku banjur kandha menawa adate dheweke teka ing wanci liya. Dheweke mangsuli menawa tekane iki namung kanggo silaturahmi wae lan ora ana gandhengane karo olehku njaluk bandhing, sing dheweke ora ngerti perkarane.</i> (Wong Njaba, hlm. 142) Tokoh pastur penjara

	2. Sabar dan jujur	<p><i>Dheweke kandha menawa aku wonge meneng lan aku uga arang-arang omong supaya ora meneng wae tanpa ngomong sembarangan.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 115)</p> <p>Tokoh Celeste</p> <p><i>Sang jaksa nuli takon apa dheweke paling ora weruh aku nangis. Perez mangsuli menawa ora.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 114)</p> <p>Tokoh Thomas Perez</p>
	3. Baik dan perhatian	<p><i>Nalika ibu isih ana, panggonane kepenak. Saiki kegedhen takenggoni ijen, mula aku kudu ngelih meja makan saka kamar dhahar, menyang kamar turuku. Olehku manggon mung ing jero bageyan iki.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 35-36)</p> <p>Tokoh ibu Mersault</p>
	4. Tegas	<p><i>Pulisi muni maneh yen Raymond kudu nutup cangkeme lan yen wong wadone iku kudu lunga. Raymond uga dikon panggah nunggu ing kamare nganti oleh parentah mara menyang kantor pulisi.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 54)</p> <p>Tokoh polisi</p> <p><i>Sang jaksa nglurusake tangane lan nuntut salah tanpa kahanan sing nggawe entheng.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 122)</p> <p>Tokoh jaksa</p>
	5. Penurut	<p><i>Nanging ing wektu iku aku uga weruh ing pucuking pasisir, adoh banget saka papan iki, wong Arab loro mawa klambi buruh warna biru sing mlaku jurusan mreene. Aku ndeleng Raymond lan dheweke muni, “Kuwi wonge.”</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 72-73)</p> <p>Tokoh teman kakaknya pacar Raymond</p>
Karakter Negatif	1. Keras kepala	<p><i>Nuli aku kandha yen kepriyea wae sipatku pancen mengkono lan menawa kabutuhan lahiriyahku kadhangkala ngrusak pangrasaku.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 83)</p> <p>Tokoh Mersault</p> <p><i>Wengi iku Marie mapag aku lan dheweke takon, aku diajak rabi gelem ora.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 60)</p> <p>Tokoh Marie Cardona</p>

	<p>2. Keras dan kasar</p>	<p><i>Lajeng piyambake sanjang nek kula boten lanang. Lajeng kula mandhap saking trem lan sanjang, “Wis cukup, nek ora takantemi kowe! Piyambake mangsuli, “Karo apa?” Piyambake lajeng kula antem. Piyambake dhawah. Nanging nalika ajeng kula tulungi ngadeg malah nendhang. Lajeng piyambake kula sodhok lan antemi ping kalih. Raine gupak rah sedaya.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 44)</p> <p>Tokoh Raymond Sintes</p> <p><i>Tiyang niku sanjang, “Ayo medhun saka trem yen kowe rumangsa lanang!” Kula mangsuli, “Wis, wis, sing sabar.” Lajeng piyambake sanjang yen kula boten lanang.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 44)</p> <p>Tokoh kakaknya pacar Raymond</p> <p><i>Nalika kau papagan karo Salamano ing undhak-undhakan, dheweke lagi misuhi asune. Dheweke celathu, “Bajingan! Sontholoyo!” Asune banjur kaing-kaing.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 43)</p> <p>Tokoh Salamano</p>
	<p>3. Tega hati dan tidak ber - perasaan</p>	<p><i>Ora suwe maneh dheweke takon apa aku seneng karo dheweke. Aku celathu yen iku ora ana tegese apa-apa nanging takpikir ora. Dheweke banjur katon sedhik, ketara ing praupane.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 52-53)</p> <p>Tokoh Mersault</p> <p><i>Yen asune wis lali dheweke nggeret bendarane maneh lan dithuthuk serta dipisuhi maneh. Menawa mengkonone loro-lorone ngadeg ing trotoar lan pepandangan, panyawange asu kanthi wedi lan wong tuwa iku mawa rasa gething. Ya mengkonone iku kang dumadi saben dina. Nalika asune kepengin nguyuh, wong tuwa iku sajak ora lila lan wegah menehi wektu cukup lan digeret nganti uyuhe si asu spaniele kececer-cecer netes-netes. Menawa asune ora sengaja ngompol ing jero kamar, dheweke dithuthuki.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 42)</p> <p>Tokoh Salamano</p>
	<p>4. Pamarah</p>	<p><i>“Cobi Pak Mersault”, celathune, “kula tiyange boten awon nanging panasane.”</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 44)</p> <p>Tokoh Raymond Sintes</p> <p><i>Nalika kau papagan karo Salamano ing undhak-undhakan, dheweke lagi misuhi asune. Dheweke celathu, “Bajingan! Sontholoyo!” Asune banjur kaing-kaing.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 43)</p> <p>Tokoh Salamano</p>

	5. Pendusta	<p><i>Pas nalika iku tanggaku saportal mulih. Ing kampung kana wong-wong padha celathu yen dheweke iku uripe saka wong-wong wadon. Nanging menawa ditakoni gaweyane apa wangsulane dheweke 'pegawe gudhang'. Sacara umum dheweke ora patiya disenengi.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 43)</p> <p>Tokoh Raymond Sintes</p> <p><i>Sawise iku banjur crita yen tau nemokake resi lotere sajroning tase lan cahe wadon ora bisa nerangake kepriye bisa nuku kuwi. Ora suwe maneh dheweke nemokake pituduh saka omah gadhen sing mbuktekake yen tau nggadhekake gelang loro cacache.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 46)</p> <p>Tokoh pacar Raymond</p>
	6. Tidak tegas	<p><i>Hakim kepala sing takon dhewe karo aku. Olehe takon kalem, lan miturutku grapyak.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 109)</p> <p>Tokoh hakim</p>

3. Tabel tokoh absurd dalam roman *Wong Njaba* karya Albert Camus

Tokoh Absurd	Keabsurdan	Kutipan
1. Mersault	Konyol, keras kepala, tega hati dan tidak berperasaan, ateis	<p><i>Dina iki ibu seda. Mbokmenawa wis wingi, aku ora ngerti. Aku nampa telegram saka panti wreda, "Ibu seda. Punsarekaken benjing. Salam." Kuwi ora ana tegese apa-apa.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 15)</p> <p>Konyol, aneh, tidak berperasaan</p> <p><i>Wengi iku Marie mapag aku lan dheweke takon, aku diajak rabi gelem ora. Aku kandha yen kanggo aku kuwi padha wae lan kita bisa nglakoni kapan wae dheweke kepengin. Banjur dheweke takon aku seneng karo dheweke ora. Aku mangsuli kaya sadurunge yen kanggo aku iku ora ana bedane, nanging tanpa ragu-ragu aku bisa mangsuli yen aku ora seneng karo slirane.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 60-61)</p> <p>Keras kepala, egois, tega hati, tidak berperasaan</p> <p><i>Aku lagi dhong nalika dheweke celathu, "Saiki, sampeyan wis tenan dadi kancaku." Dheweke mbaleni ukarane lan aku muni iya. Kanggo aku ya padha wae ora ana owahe dadi kancane lan dheweke katon seneng banget.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 49)</p> <p>Konyol, tidak mau peduli, egois</p>

		<p><i>“Sampeyan kudu padu karo tangan kothong, revolver sampeyan kekna aku. Nek sijine melu campur utawa ngetokake ladinge, taktembake.”</i> (Wong Njaba, hlm. 76)</p> <p>Konyol, aneh, tak bisa berpikir lurus</p> <p><i>Prasasat langit kabukak saka pucuk menyang ujung lan nibakake udan geni. Awakku kabeh kaya kageret lan tanganku meksa nggegem revolver. Kokkang revolver ngeper bali, aku krasa sisih ngisore popor sing dipoles lan kala iku mawa swara garing tur mbrebegi kuping, kabeh diwiwiti. Aku gedheg-gedheg niat nyingkirake kringet lan panasing surya. Aku nglenggana, yen aku wis ngrusak imbanging dina, kasunyatan astamiwa sawijining pasisir ing ngendi sadurunge aku krasa tentrem. Sawise iku aku isih nembak ing sawijining awak sing ora obah maneh ping papat, mimise mlebu kabeh, ora katon ing mripat. Lan swarane kaya ndhodhog lawang kasangsan kaping papat cacaha.</i> (Wong Njaba, hlm. 79-80)</p> <p>Konyol, aneh, tega hati, tidak berperasaan, takbisa berpikir lurus</p> <p><i>... lan wusana ngadeg nganti awake katon kabeh lan takon maneh aku percaya marang Gusti Allah apa ora. Aku mangsuli yen ora.</i> (Wong Njaba, hlm. 88)</p> <p>Konyol, keras kepala, ateis</p> <p><i>Banjur ora ngerti kenapa, aku mutah. Dheweke takuneni lan takpisuhi sakemengku, lan dheweke takkandhani ora perlu ndongakke aku, luwih becik lungaa saka kene sanalika iki. Kraha jubahe takcekel lan dheweke takuneni saisining atiku mawa amukan aworan saka rasa seneng lan rasa nepsu.</i> (Wong Njaba, hlm. 147)</p> <p>Konyol, egois, aneh, tega hati, tidak berperasaan, tidak bisa berpikir lurus</p>
		<p><i>Nuli warananing atiku takbukak kapisan kanggo rasa ora mredhuline ngalam donya sing sumeh. Rasane tibakne padha karo aku, pancen kaya sedulurku dhewe, banjur aku krasa yen aku biyen tentrem atine lan aku ya isih panggah tentrem. Supaya kabeh bisa linakonan, supaya aku ora patiya krasa ijen, apa sing takarepake namung supaya ing dina eksekusiku bakal akeh pamirsane</i></p>

		<p><i>sing nampani aku kanthi panjerit kang gething.</i> (Wong Njaba, hlm. 150)</p> <p>Konyol, aneh, egois</p>
2. Marie Cardona	Konyol dan keras kepala	<p><i>Ora suwe maneh dheweke takon apa aku seneng karo dheweke. Aku celathu yen iku ora ana tegese apa-apa nanging takpikir ora. Dheweke banjur katon sedhah, ketara ing praupane.</i> (Wong Njaba, hlm. 52-53)</p> <p>Konyol, keras kepala</p> <p><i>Wengi iku Marie mapag aku lan dheweke takon, aku diajak rabi gelem ora.</i> (Wong Njaba, hlm. 60)</p> <p>Konyol, keras kepala</p>
3. Raymond Sintes	Konyol, keras dan kasar, pemaarah dan pendusta	<p><i>Raymond mbanjurake critane. Sing nggawe anyel iku, yen dheweke isih pengin saresmi karo bocahe wadon. Nanging Raymond pengin ngukum awake.</i> (Wong Njaba, hlm. 47)</p> <p>Konyol, aneh, egois, kasar</p> <p><i>Pas nalika iku tanggaku saportal mulih. Ing kampung kana wong-wong padha celathu yen dheweke iku uripe saka wong-wong wadon. Nanging menawa ditakoni gaweyane apa wangsulane dheweke 'pegawe gudhang'. Sacara umum dheweke ora patiya disenengi.</i> (Wong Njaba, hlm. 43)</p> <p>Aneh, pendusta</p> <p><i>Wong-wong Arab iku lakune alon, nanging saiki saya cedhak. Nering lakune kene ora diowahi, nanging Raymond kandha, "Yen ana gara-gara, Masson, mengko jupuken sing kapindho. Aku takngurusi wongku. Lan sampeyan Mersault, menawa ana wong liya, iku urusana!" Aku nyauri, "Iya!" lan Masson malangkrik, nglebokake tangane ing kanthong clanane.</i> (Wong Njaba, hlm. 73)</p> <p>Keras, kasar, pemaarah</p>
4. Salamano	Konyol, keras dan kasar, pemaarah, tega hati dan tidak berperasaan	<p><i>Ing kono si asu nggeret wong tuwa iku nganti Salamano tuwa kesandhung tiba. Yen wis mengkono, asune dithuthuk lan dipisuhi.</i> (Wong Njaba, hlm. 42)</p> <p>Konyol, keras, kasar, tega hati, tidak berperasaan, pemaarah</p>

		<p><i>Nalika kau papagan karo Salamano ing undhak-undhakan, dheweke lagi misuhi asune. Dheweke celathu, “Bajingan! Sontholoyo!” Asune banjur kaing-kaing.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 43)</p> <p>Konyol, kasar, tidak berperasaan, pemarah</p> <p><i>Yen asune wis lali dheweke nggeret bendarane maneh lan dithuthuk serta dipisuhi maneh. Menawa mengkono loro-lorone ngadeg ing trotoar lan pepandangan, panyawange asu kanthi wedi lan wong tuwa iku mawa rasa gething. Ya mengkono iku kang dumadi saben dina. Nalika asune kepengin nguyuh, wong tuwa iku sajak ora lila lan wegah menahi wektu cukup lan digeret nganti uyuhu si asu spaniele kececer-cecer netes-netes. Menawa asune ora sengaja ngompol ing jero kamar, dheweke dithuthuki.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 42)</p> <p>Konyol, keras, kasar, tega hati, tidak berperasaan, pemarah, egois</p>
5. Penjaga panti	Konyol	<p><i>Sawise takon juri lan pangacaraku apa ana pitakonan liyane, sang hakim utama banjur nimbali tukang jaga panti wreda. Kanggo dheweke lan wong-wong liyane, prosedur padha. Nalika teka, tukang jagane nyawang aku lan nuli mlengos. Dheweke uga mangsuli kabeh pitakonan. Kandhane, aku emoh ndeleng ibu, aku ngrokok, aku keturon, lan aku ngombe kopi susu. Nalika iku aku krasa menawa sakamar sidhang wong-wonge padha horeg dening sawijining perkara lan kanggo kapisan aku mudheng menawa aku iku salah.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 112-113)</p> <p>Konyol, cenderung berkhianat</p>
6. Pacar Raymond	Konyol dan pendusta	<p><i>Mesthi panggah sambat nek boten cekap kaliyan napa sing kula sukakaken. Nanging tiyange boten purun nyambut damel namung sanjang mawon menawi boten cekap.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 46)</p> <p>Konyol, pendusta, tidak tahu berterimakasih</p> <p><i>Raymond mbanjurake critane. Sing nggawe anyel iku, yen dheweke isih pengen saresmi karo bocahe wadon. Nanging Raymond pengen ngukum awake.</i></p> <p style="text-align: right;">(Wong Njaba, hlm. 47)</p> <p>Konyol, egois, ingin enaknya saja</p>

SINOPSIS ROMAN WONG NJABA KARYA ALBERT CAMUS

Mersault nampa telegram saka panti wredha. Isine telegram ngandhakake menawa ibune seda lan arep disarekake besuke. Mersault ngajokake cuti, dening bose diwenahi rong dina. Panti wredhane mapan ing Marengo, 80 km saka Aljir. Mersault numpak bis jam loro lan tekan ing panti wanci sore. Sadurunge mangkat, Mersault nyilih dhasi lan pita ireng marang Emmanuel banjur pamitan sawise mangan ing warunge Celeste. Satekane ing panti, Mersault ketemu tukang jaga panti lan didhawuhi nemoni kepala panti dhisik. Sawise ketemu, kepala panti ngeterake Mersault menyang griya sungkawa. Mersault ora bisa ndeleng kunarpane ibune amarga bandhosane wis ditutup. Nalika tukang jagane arep mbukakake, Mersault nggondheli lan muni yen ora arep ndeleng kunarpane ibune. Banjur, Mersault mung nunggu ing ngarep bandhosane ibune dikancani tukang jagane.

Anggone nunggu nganti wengi. Mersault ditawani kopi susu dening tukang jaga lan kopi susune ditampa, senajan rada tidha-tidha. Mersault banjur nawani tukang jagane ngrok lan pungkasan wong loro ngrok bareng. Kanca-kancane ibune Mersault padha teka nalika Mersault keturon saliyepan. Ing griya sungkawa dadi akeh wong sing padha nunggoni kunarpane ibune Mersault.

Anggone nunggu nganti esuk. Kanca-kancane ibune Mersault banjur padha dikon lunga. Sawise rada awan, pastur greja karo bocah kor loro teka banjur miwiti sembahyang sadurunge kunarpa digawa menyang pasareyan. Nalika wis siap kabeh, Mersault, kepala panti, pastur lan bocah-bocane, kreta, lan Thomas Perez banjur mangkat iring-iringan menyang pasareyan. Mlakune rikat banget amarga wanci awan hawane panas banget sing njalari para iring-iringan kepanasan. Satekane ing pasareyan, kunarpane ibune Mersault banjur dikubur. Mersault ora gelem ndeleng kunarpane ibune, dheweke mung nyawang saka kadohan. Sawise upacara pamakaman rampung, Mersault banjur mulih menyang kutha Aljir. Dheweke nganggep yen kabeh wis kelakon lan bakal mikir gaweyan maneh.

Sebtu esuk, Mersault angel tangi amarga kekeselen sawise sedina ngurusi pamakamane ibune. Dheweke banjur lunga menyang segara, arep adus supaya ilang kesele. Ing kana banjur ketemu Marie Cardona, biyen juru ketik ing kantore sing wis pernah digandrungi. Marie seneng marang Mersault. Wong loro iku padha guyon, dolanan banyu, lan renang bebarengan. Sarampung adus saka segara, Mersault lan Marie lunga menyang bioskop ing wayah wengine. Nalika bubar saka bioskop, Marie nginep ing omahe Mersault.

Nalika Mersault tangi, Marie wis lunga. Marie kandha yen dina Minggu iku dheweke kudu lunga menyang bulike. Mersault dadi bosen nanging wegah metu-metu amarga ora seneng yen bakalane akeh wong sing takon-takon. Dadi, Mersault mung akeh wira-wirine ing jero apartemene. Dheweke banjur lungguh ing sacedhake jendhela, ndeleng dalan, toko-toko, lan wong-wong sing padha menyang bioskop utawa stadion.

Dina sawise iku, Mersault muga anggone nyambut gawe ing kantore. Nalika ngaso, dheweke dikancani Emmanuel mangan ing warunge Celeste. Sarampunge mangan, Mersault mbanjurake maneh anggone kerja nganti wayah sore. Dheweke mulih ing wektu wengi, mlaku alon-alon ngliwati dermaga kanthi ati kang seneng.

Ing undhak-undhakan sing peteng ing ngarep omahe, Mersault kepethuk karo Salamano. Salamano iku wonge wis tuwa lan manggon ing sisih kamare Mersault. Salamano nggawa asune, kalorone wis wolung taun padha kekancan. Amarga wis suwe urip dadi siji karo asune, si Salamano dadi memper asune. Nalika Mersault papagan karo Salamano ing undhak-undhakan, dheweke lagi misuhi asune.

Nalika iku, tangga saportale Mersault mulih. Ing kampung kana wong-wong padha celathu yen dheweke iku uripe saka wong-wong wadon. Nanging menawa ditakoni gaweyane apa, wangsulane mesthi dadi pegawe gudhang. Umume dheweke ora patiya disenengi. Jenenge Raymond Sintes, awake cilik, bahun gedhe, lan irunge kaya petinju.

Mersault lan Raymond munggah bebarengan. Raymond nawani Mersault mangan bareng. Banjur, Mersault ngancani mangan ing omahe Raymond. Ing kana, Raymond crita masalahe karo pacare lan karo kangmase pacare. Dheweke kandha yen wis diapusi marang pacare amarga kabeh sing wis diwenehake dening Raymond, dianggep ora bisa nyukupi kabutuhane wadone. Raymond banjur kerep tumindak kasar marang pacare minangka ukuman. Kangmase pacare Raymond ora trima yen adhine dilarani, banjur mungsuhi Raymond. Nalika Raymond wis tutug anggone nyaritakake masalahe, Mersault banjur mulih menyang panggonane.

Olehe nyambut gawe seminggu muput. Ing pungkasaning minggu, Mersault lan Emmanuel nonton bioskop ping pindhho. Marie teka ing omahe Mersault lan ngajak adus bareng menyang segara. Ing segara, Mersault lan Marie renang bebarengan, Marie uga ngajari dolanan anyar. Sarampunge saka segara, Marie nginep lan kelonan maneh kaya biasane ing omahe Mersault.

Esuke, Marie isih ana ing panggonane Mersault. Nalika iku krungu swarane Salamano lagi misuhi asune. Mersault crita marang Marie perkara Salamano lan dheweke mung ngguyu. Ora suwe sawise iku Marie takon marang Mersault yen sabener Mersault seneng apa ora marang Marie. Mersault mangsuli yen perkara iku ora ana tegese apa-apa, mula wangsulane Mersault ora seneng marang Marie.

Nalika iku, ing jero kamare Raymond krungu horeg swarane wong padu. Pisanan krungu swarane wong wadon sing nadhane dhuwur lan sawise iku keprungu swarane Raymond. Banjur ana swara wong dikeplaki lan wong wadone dadi mbengok-mbengok nganti saportal dadi kebak wong. Mersault lan Marie uga melu metu. Ora suwe maneh ana pulisi teka. Dheweke ndhodhogi lawang omahe Raymond. Raymond metu lan wadone dikon lunga saka panggonane. Raymond banjur dijaluki katrangan lan digawa menyang kantor pulisi.

Ing wanci sore, sawise urusan karo pulisi, Raymond dolan menyang omahe Mersault. Raymond crita yen apa-apa sing wis direncanakake wis dilakoni. Dheweke

uga crita nalika dijaluki katrangan ing kantor pulisi lan kandha yen Mersault kudu dadi seksine kanthi nerangake yen wadone iku wis nglecehake Raymond. Mersault banjur sarujuk dadi seksine. Sawise iku Mersault lan Raymond metu dolan bebarengan. Kalorone padha ngombe cognac lan main bilyar. Nalika mulih, Raymond ngomong yen dheweke wis marem amarga wis bisa ngukum yange.

Saka adoh, Mersault lan Raymond weruh Salamano lagi ngadeg cedhak lawang. Polatane kemrungsung amarga asune ilang. Raymond nuturi mbokmenawa asune kesasar lan bakal bali maneh. Mersault uga kandha yen Salamano kudu lunga menyang kandhang sing nangkepi asu. Mbokmenawa ana, Salamano kudu nebus asune lan sawise mbayar pajeg sawetara asune bisa digawa bali. Nanging Salamano malah tambah kemrungsung lan misuh-misuhi asune. Sawise iku Mersault lan Raymond mlebu panggonane dhewe-dhewe. Ora suwe, Salamano ndhodhogi lawang omahe Mersault. Dheweke sedhih lan takon yen asune ora bakal ilang. Mersault mangsuli kanthi wangsulan kang apik. Sawise iku Salamano mbalik panggonane lan keprungu swara lirih mingseg-mingseg saka kamare Salamano.

Mersault nyambut gawe ing kantore banjur nampa tilpun saka Raymond. Raymond kandha yen salah siji kancane ngundang Mersault mara lan nginep menyang vilane, cedhak Aljir ing dina Minggu. Kancane Raymond iku jenenge Masson. Mersault banjur ngajak Marie supaya melu menyang vilane Masson. Pas nalika iku bose Mersault marani. Mersault ngira bose bakal muring-muring amarga dheweke kesuwen anggone nilpun. Nanging bose ora duka, malah nawani Mersault gaweyan anyar sing luwih penak lan bayaran sing luwih gedhe ing kutha Paris. Mersault nanggapi yen pagaweyan iku ora ana tegese apa-apa, mula polatane bose katon ora seneng. Bose kandha yen mangsuli pitakonan, Mersault mesthi muter-muter sarta ora nduwe ambisi, bose uga kandha yen sipat kaya mengkono ora apik kanggo dagang. Mersault nggagas yen uripe ora sangsara. Nalika dheweke isih kuliah pancen nduwe ambisi akeh, nanging sawise ora bisa ngrampungake kuliah, sajatine kabeh kedadeyan dianggep ora ana tegese.

Ing wanci wengi, Marie mapag Mersault. Dheweke uga takon marang Mersault, gelem apa ora yen diajak rabi. Mersault kandha yen iku bisa dilakoni kapan wae sasenege utawa sakarepe Marie. Mersault nganggep yen rabi iku ora wigati lan ora ana tegese apa-apa. Marie banjur takon, sajane Mersault seneng apa ora marang dheweke. Mersault mangsuli kaya sadurunge yen dheweke ora seneng marang Marie. Krungu wangsulan kaya mengkono, Marie sedhih katon ing praupane. Marie banjur takon, apa ya gelem umpama Mersault diajak rabi wong wadon liya sing ora disenengi. Mersault banjur ngiyani. Marie katon saya sedhih. Sawise meneng sawetara, dheweke ndremimil maneh yen Mersault iku wonge aneh banget. Nanging iku sing njalari Marie seneng marang Mersault lan bisa wae kapan-kapan dheweke anyel marang Mersault, adhedhasar pawadan sing padha. Mersault mung meneng wae lan Marie mung mesem banjur ujug-ujug dheweke nyekel tangane Mersault sarta kandha yen dheweke pengin rabi karo Mersault.

Ing dina Minggu, Mersault diparani Marie lan Raymond. Wong telu iku menyang omahe/ villane Masson ing pesisir kutha Aljir. Anggone lunga numpak bis. Sadurunge menyang halte bis, Raymond ngandhani yen ing ngarep omah ana

sagerombolan wong Arab. Salah siji saka wong-wong Arab iku kangmase yange Raymond sing sadurunge pernah gelut karo Raymond. Sawise iku Mersault, Marie, lan Raymond age-age mangkat supaya wong-wong Arab iku ora marani.

Mersault, Marie, lan Raymond tekan ing halte sacedhake pasisir. Wong telu iku nuli mudhun lan mlaku ngliwati lemah rata cilik sing papane ing sadhuwuring segara lan sawise iku mudhun menyang pasisir. Kancane Raymond manggon ing sawijining gubug kayu cilik ing pucuking pasisir. Gubug iki dibangun kelet ing sandhinge watu karang lan pilar-pilare sing nyangga gubug iku ing sisih ngarep, wis kacelup ing banyu. Satekane ing villa, Mersault, Marie, lan Raymond disambut dening Masson kanthi sumeh. Ing kono uga ana bojone Masson sing grapyak, lan pawakane cilik. Masson celathu marang para tamune yen kudu ngepenakake awak kaya ing omah dhewe lan wis dicepakake iwak goreng sing lagi wae dipancing esuk mau. Sawise iku, Mersault, Marie, lan Masson padha nglangi ing segara. Raymond lan bojone Masson wegah melu lan mung ngaso ing jero omah. Sarampunge padha nglangi, wong telu iku banjur mangan awan.

Sarampunge mangan, Mersault, Raymond, lan Masson banjur mlaku-mlaku ing pasisir. Nalika padha mlaku-mlaku, Mersault weruh ing pucuking pasisir, adoh banget saka papane, wong Arab loro mawa klambi buruh warna biru sing mlaku menyang jurusane Mersault. Raymond banjur ngerti lan celathu yen salah sijine yaiku kangmase yange Raymond sing dadi mungsuhe Raymond. Ora suwe, wong lima pethukan lan pungkasane padha gelut. Raymond nglawan kangmase yange, Masson dikon ngurusi kancane kangmase yange Raymond, lan Mersault kon nunggu menawa ana wong liya sing melu cawe-cawe. Akhire wong Arab loro kalah lan mlayu ndhelik, nanging Raymond wis kasep tatu amarga kena ladinge kancane kangmase yange Raymond. Sawise iku, Raymond digawa menyang dokter ing sacedhaking villa. Tangane diperban, nanging polatane Raymond isih panggah ala amarga pengin mbales marang wong-wong Arab mau. Raymond banjur mlaku maneh menyang pasisir nggoleki mungsuhe mau. Mersault lan Masson dipenging melu, nanging Mersault tetep ngeyel ngetutake Raymond.

Suwe anggone Mersault lan Raymond mlaku ing pasisir. Srengenge sunare panas banget lan kaya pecah dadi cilik ing watu lan segara. Anggone mlaku, Raymond rikat banget kaya-kaya pancen wis ngerti olehe lunga ngener menyang ngendi. Banjur adoh ing pucuking pasisir, tekan sawijining sumber banyu sing mili menyang segara ngliwati wedhi-wedhi, dununge buri watu karang gedhe. Ing kana ketemu wong Arab loro mau maneh. Wong-wong kuwi turon ing lemah mawa klambi buruhe warna biru sing reged. Sawise iku, Raymond ngetokakae revolvere/ pistole saka kanthonge lan diarahke wong Arab loro iku. Ananging Mersault menging kanthi alus supaya Raymond ora nembak. Dheweke muni yen luwih becik pistole digawakake lan Raymond kudu tandhing nglawan kangmase yange mawa tangan kosong wae. Yen kancane melu ngrusuhi bakal ditembak dening Mersault. Raymond sarujuk lan wong loro Arab dadi wedi banjur mrangkak alon-alon ndhelik lan pungkasane ilang ing watu-watu karang. Sawise iku Raymond rada sumringah lan ngajak Mersault mbalik menyang panggonane Masson.

Pistole Raymond isih disimpen dening Mersault. Nalika mbalik tekan ing undhak-undhakan omahe Masson, Raymond banjur mlebu omah nanging Mersault mandheg. Dheweke malah mung ngadeg karo ndeleng panasing srengenge, pasisir, lan ngrasakake hawa panas kang nyemenglet banget ing awak. Dheweke banjur rumangsa ora bisa mikir lurus maneh lan ora wani ngomong marang Marie lan bojone Masson babagan kedadeyan sadurunge.

Mersault banjur mbalik, dheweke mlaku maneh menyang pasisir anuju sumber banyu sing sadurunge wis ditekani. Ora sengaja, dheweke pethukan maneh karo wong Arab mau, nanging kangmase yange Raymond ora ana. Kancane kangmase yange Raymond turu nglemprak dhewekan, tangane loro nyangga dadi bantal, sirahe keyupan karang lan awake kena srengenge. Sanalika dheweke weruh Mersault, banjur rada ngadeg lan tangane ngrogoh lading ing kanthonge. Mersault uga langsung ngrogoh pistole Raymond ing kanthonge. Lading banjur ditudingake marang Mersault. Lading mau mantulake cahya srengenge lan Mersault krasa sulap dening cahya iku. Mersault ngrasakake hawa sarta panasing srengenge kang njalari kemringet nganti kringete nelesi mata lan Mersault ora bisa mikir lurus maneh. Tanpa diduga-duga, Mersault langsung nembak wong Arab iku ping pisan. Sanalika wong Arab iku mati. Dheweke nglenggana, yen dheweke wis ngrusak imbanging dina, kasunyatan astamiwa sawijining pasisir ing ngendi sadurunge Mersault krasa tentrem. Mersault isih panggah ora bisa mikir lurus. Dheweke banjur nembak maneh sawijining awak sing wis ora obah maneh ping papat, mimise mlebu kabeh, ora katon ing mripat. Swarane kaya ndhodhog lawang kasangsaran kaping papat cacaha.

Sawise iku Mersault dicekel dening pulisi. Dheweke ditahan lan diinterogasi ing kantor pulisi. Dheweke uga entuk pangacara. Pangacarane sumeh banget lan kepengin bisa mbantu Mersault ngrampungake perkarane. Pangacarane bakal ngupayakake supaya Mersault entuk ukuman kang entheng wae. Nanging, Mersault ora nggagas bab iku. Dheweke malah sansaya atos lan kepengin pangacarane dadi kancane wae ra perlu mbelani awake. Dheweke uga dipriksa dening jaksa pamriksa, nanging Mersault panggah ora wedi lan arep nglakoni apa kang bakal kedaden.

Mersault disidhang ing pangadilan. Kang dadi seksi yaiku kepala panti, tukang jaga panti, Thomas Perez, Raymond Sintes, Masson, Salamano, Celeste, lan Marie. Hakim nakoni siji mbaka siji kabeh seksi. Kepala panti lan Thomas Perez mung kandha yen Mersault katone ora sedhih lan ora nangis nalika ibune seda. Masson, Celeste, Salamano, lan Raymond nerangake yen Mersault wonge apik, kendel, pangerten, lan kedadeyan iku dianggep mung apes wae. Intine, wong papat iku mbelani Mersault. Marie uga kandha warna-warna kanthi jujur, nanging iku malah nggawe perkarane Mersault dadi sansaya abot. Semono uga tukang jagane, kanthi tegas dheweke ngomong yen Mersault ora sedhih, ora nangis, ora sudi ndeleng kunarpane ibune, penak-penak ngombe kopi susu, lan keturon nganti esuk. Alesan-alesan iku ndadekake Mersault sansaya abot tuntutan ukumane. Jaksa penuntut ndakwa Mersault nglakoni kadurjanan kang nistha banget. Jaksa nuntut yen Mersault kudu diukum abot. Dheweke uga nuntut njaluk sirahe Mersault alias Mersault kudu diukum mati kanthi ditugel gulune. Sawise sedina sidhang, banjur hakim mutusake yen Mersault kudu diukum mati kanthi ditugel gulune.

Mersault urip ana ing kunjara sawetara sasi sadurunge wektu eksekusine dileksanakake. Ing kunjara, dheweke bola-bali diparani pastur kunjara ananging ditampik dening Mersault. Nalika pastur kunjara kasil mlebu, Mersault diajak supaya tobat. Nanging Mersault ngeyel lan sansaya atos kanthi mangsuli yen dheweke ora percaya Gusti Allah. Pastur kunjara malah diuring-uring lan arep diantemi nanging sempat dipisah dening pulisi kang jaga. Mersault mung klonthang-klanthung ing kunjara. Dheweke nduwe pangidep aneh, yaiku rumangsa bener terus nganti kapan wae lan wis ora sabar nunggu wektu eksekusine dimulai. Dheweke mikir yen wis mati bakalane tentrem amarga wis ora usah mikirake maneh donya lan saisine kang kabeh ora ana bedane lan ora ana tegese apa-apa. Dheweke uga nduwe pangarep-arep kang aneh, yaiku nalika wektu eksekusine dimulai dheweke pengin supaya dina iku akeh pamirsane sing nampani dheweke kanthi panjerit kang gething. Pungkasan, wektu eksekusi dileksanakake. Gulune Mersault dipedhot nganggo mesin guillotine sing biasane uga dinggo ngekskusi para pidana kang divonis mati.

